

## **BAB V**

### **KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI**

#### **5.1 Kacindekan**

Panalungtikan ngeunaan Rorokan Adat (struktur Pamaréntahan tradisional) di Kasepuhan Ciptagelar katitén ku ayana peran Abah salaku pamingpin Kasepuhan Ciptagelar nu dibantuan ku barisan rorokan geus bisa ngabérés roéskeun pancén pamaréntahanana. Rorokan Kasepuhan Ciptagelar mangrupa salasahiji sistem organisasi Pamaréntahan adat di Kasepuhan Ciptagelar nu miboga pola atawa peran jeung fungsina séwang-séwangan. Kasepuhan Ciptagelar miboga aturan-aturan nu digunakeun dina kahirupan sapopoéna.

Sajarah Kasepuhan Ciptagelar geus aya saméméh taun 1368 M nilik kana ayana bukti titinggalan nu ditulis dina tutunggul makam. Kasepuhan Ciptagelar pindah ti hiji kampung ka kampung séjén nu disebut ngalalakon, ditandaan ku wangsit ti para karuhun ka Abah salaku pamingpin kasepuhan. Kasepuhan Ciptagelar geus ngalaman 28 kali pindah dumasar kana tempat ngalalakon. Tempat nu geus dijadikeun tempat ngalalakon disebut tarik kolot sedengkeun tempat anu satuluyna dijadikeun tempat ngalalakon nyaéta disebut awisan. Kasepuhan Ciptagelar saméméhna ngalalakon ti Kasepuhan Ciptarasa, dina taun 2000 kasepuhan pindah atawa ngalalakon sarta ganti ngaran jadi Kasepuhan Ciptagelar nepi ka ayeuna.

Rorokan Kasepuhan Ciptagelar dipingpin ku Abah dijalankeun ku para rorokan. Biasa disebut rorokan nyaéta barés kolot nu kaamanahan pikeun mupuhuan garapan. Rorokan ngawengku sababaraha garapan. Garapan mangrupa hal nu ampir sarua tapi béda, upama rorokan diturunkeun sacara turunan, upama garapan bisa ditunjuk ku Abah henteu dumasar kana turunan. Di Kasepuhan Ciptagelar rorokan aya Rorokan Jero, Dukun, Paraji (Béngkong, Indung Beurang, Paraji Rias), Pamakayaan, Paninggaran, Panahaban, Panghulu, Pantun, jeung Réndang Kandé, sarta garapan Kolot Lembur Induk nu sipatna dipilih ku Abah. Unggal rorokan jeung garapan séwang-séwangan miboga peran jeung fungsina séwang-séwangan.

Peran jeung fungsi sesepuh adat Kasepuhan Ciptagelar atawa biasa disebut Abah nyaéta ngatur sakumna kawijakan nu aya di Kasepuhan sarta nungkulan kaperluan Incu Putu boh sacara matérial boh non-matérial. Dina ngokolakeun sagala kagiatan anu aya di Kasepuhan, Abah ngatur kawijakan-kawijakan nu sipatna miboga pola kahirupan nu geus dilakonon ti karuhun saméméhna nu bisa disebut aturan, saperti (a) mipit kudu amit ngala kudu ménta, nganggo suci mangan halal, ngucap kalayan sabenerna; (b) nyaur kudu diukur, nyabda kudu diunggang, bisi beukasna nyalahan; (c) kudu akur jeung sadulur, hadé carék jeung sadérék, kadeungeun tinggal makéna; (d) kudu nulung ka nu butuh, nalang ka nu susah, méré kanu daék, nganteur kanu sieun; (e) pindah cai pindah tampian, pindah adat pindah tabéat; (f) sing jadi ciri sabumi, cara sadésa, ka cai jadi saleuwi, ka darat jadi salebak; (g) ulah saré mun keur tunduh, ulah dahar mun keur lapar, méméh leumpang kudu geus nepi; (h) sacangreud pageuh, sagolék pangkék, caringcing pageuh kancing, saringset pageuh iket; (i) nyukcruk galur mapay wahangan, nété tarajé nincak hamalan; (j) mun can bisa kudu bisa, mun geus bisa jiga teu bisa; (k) datang kudu katémbong tarang, undur kudu katémbong punduk, jeung sajabana. Éta aturan-aturan dipaké pikeun ngajalankeun aktivitas sapopoé sarta dina upacara-upacara adat. Kagiatan adat nu geus diturunkeun ti para karuhun baheula ngawengku upacara adat gedé nyaéta ngaseuk, mipit, nganyaran, ponggokan jeung séréntaun.

Ieu sakumna kagiatan di luhur dibantuan ku masing-masing rorokan. Dina peran jeung fungsi rorokan kasepuhan sarta garapan séwang-séwangan. Éta garapan téh moal pahili atawa pacorok kokod, lantaran geus miboga ambahan gawéna séwang-séwangan. Sapertina waé Rorokan Jero nu miboga peran jeung fungsi pikeun ngokolakeun jalur jero di kasepuhan, Rorokan Dukun miboga peran dina ngokolakeun kagiatan nyimur jeung majeg Sapar salaku tolak bala dina kaséhatan, Rorokan Pamakayaan ngokolakeun siklus tatanén boh di huma boh di sawah, jeung saterusna rorokan nu miboga peran jeung fungsina séwang-séwangan.

Tata kelola Kasepuhan Ciptagelar saupama nilik kana kalungguhan di désa Abah salaku sesepuh ogé salaku warga nu kalungguhanana di handapeun RT, tapi saupama nilik kana pamaréntahan Kasepuhan Abah salaku pupuhu anu

**Elva Yulia Safitri, 2020**

**ROROKAN ADAT (STRUKTUR PAMARENTAHAN TRADISIONAL) DI KASEPUHAN CIPTAGELAR  
KABUPATEN SUKABUMI**

kalungguhanana leuwih luhur batan kadus. Kalungguhan Abah salaku sesepuh lain rék ngajajar atawa ngabandingkeun jeung aparat pamaréntahan tapi Abah salaku sepuh nu nyekel tali paranti leluhur nu masih dicekel pageuh ku incu putu kasepuhan.

## **5.2 Implikasi**

Kabeungaharan pangaweruh budaya di Kasepuhan Ciptagelar ditalungtik sangkan bisa méré pangaweruh ngeunaan sistem Pamaréntahan salaku salasahiji inventarisasi kabudayaan, sarta bisa nambahan pangaweruh ngeunaan struktur kasepuhan hususna Kasepuhan Ciptagelar, bisa nambahan pangaweruh sarta informasi atawa nambahan référénsi ngeunaan salasahiji struktur kasepuhan di masarakat adat di Jawa Barat, nu perenahna di Kabupatén Sukabumi.

Inventarisasi kabudayaan lian ti nambahan pangaweruh ogé dipiharep sangkan miboga mangpaat pikeun entragan saterusna nu terus ngamumulé kabudayaan Sunda, adat istiadat sarta kabudayaan nu dilakonan ti hiji generasi ka generasi saterusna nu dicirian ku ayana dokuméntasi kabudayaan ngeunaan masarakat adat. Ieu rorokan téh bisa jadi métode atawa pola sistem pamaréntahan anu éfektif di mana pamingpin adat bisa nembongkeun pola kapamingpinan anu karismatikan.

## **5.3 Rékoméndasi**

Dumasar kana hasil panalungtikan, tangtu loba kénéh kakurangna. Kabeungaran budaya nu aya di Kasepuhan Ciptagelar kawilang jembar pisan, can sakumna kaguar ku panalungtik. Upamana waé dina kagiatan-kagiatan leutik di kasepuhan atawa dina basa Sunda nu dipaké dina kahirupan sapopoé masarakat Kasepuhan Ciptagelar. Saperti babasan jeung paribasa nu henteu ngan dijadikeun babasaan hungkul tapi ogé dilarapkeun dina kahirupan sapopoé.

Salian tina panalungtikan saméméhna nu geus loba dipedar saperti upacara adat sérén taun jeung upacara adat séjénna, sistem basa nu digunakeun sarta hukum adat nu dilarapkeun di Kasepuhan Ciptagelar bisa dijadikeun panalungtikan nu leuwih mundel deui. Ieu panalungtikan can sagemblengna dikaji, bisa ditéang ku entragan satuluyna. Ieu hal bisa ditalungtik sarta didokumentasikeun pikeun bahan inventarisasi budaya pikeun kabeungharan budaya Sunda nu aya di Indonesia.